# TALANTLÍ REJISSYORDÍŃ SAXNA HÁM EKRAN ÓNERI DRAMATURGIYASÍNDAǴÍ ORNÍ (Quwatbay Ábdireymov mısalında)

**Anar Jaqsımuratova** – *oqıtıwshı*
jaqsimuratovaanar@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ИСКУССТВО ТАЛАНТЛИВОГО РЕЖИССЁРА В СЦЕНЕ И ЭКРАНЕ МЕСТО В ДРАМАТУРГИИ (НА ПРИМЕРЕ КУВАТБАЯ АБДИРЕЙМОВА)

**Анар Жаксымуратова** – *преподаватель*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# TALENTED DIRECTOR'S STAGE AND SCREEN ART PLACE IN DRAMATURGY (ON THE EXAMPLE OF KUVATBAY ABDIREYMOV)

**Anar Zhaksymuratova** – *teacher*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayanch so‘zlar:** kino va teatr, madaniyat, san’at, aktyorlik mahorati, kinofilm, sahna.

**Rezyume.** Ushbu ilmiy maqolada ilmiy-publitsistik, tarixiy-zamonaviy, kontekstual va kompleks jihatdan yondashildi. Tadqiqotda kino va teatr san’atining rivoji, ayniqsa, kino sanoatining jahon va milliy miqyosda rivojlanishi o‘rganildi. Ilmiy maqolada ilmiy-nazariy usullar keng qo‘llanildi. Shuningdek, maqolada qoraqalpoq kino va teatr san’atining darǵasi Q.Abdireymovning hayoti va ijodiy yóli haqida batafsil keltirib ótiladi.

**Ключевые слова:** кино и театр, культура, искусство, актёрское мастерство, кинофильм, сцена.

**Резюме.** При написании данной научной статьи был применён научно-публицистический, историко-современный, контекстуальный и комплексный подход. В исследовании изучалось развитие кино и театрального искусства, особенно киноиндустрии на мировом и национальном уровнях. В научной статье широко использовались научно-теоретические методы. Также в статье подробно рассказывается о жизни и творческом пути К.Абдиреймова - деятеля каракалпакского кино и театрального искусства.

**Key words:** cinema and theater, culture, art, acting, film, stage.

**Summary.** In writing this scientific article, we approached it from a scientific-journalistic, historical-modern, contextual, and comprehensive perspective. The study examined the development of cinema and theatre, particularly the global and national development of the film industry. Scientific and practical methods were widely used in the scientific article. The article also provides a detailed account of the life and creative path of K.Abdireymov, a pioneer of Karakalpak cinema and theater art.

**KIRISIW.** «Mádeniyat hám kórkem óner rawajlanbasa, jámiyet te órkenley almaydı» degen edi húrmetli jurtbasshımız Sh.M.Mirziyoyev. [1] Shınında da, hár bir xalıqtıń ádebiyatı, milleti, tili, dini menen qosa onıń qan-qanına sińgen hám ata-babalarınan miyras bolıp kiyatırǵan biybaha awızeki dóretpeler, mádeniyat hám kórkem óner salasındaǵı ullı ǵáziyneleri arqalı millettiń kim ekenligin, onıń ótmishin ańlay alamız. Kórkem óneri bar jurt dúnyanıń qaysı jerinde de rawajlanıp, bul mákanda baǵı bostan jarata aladı. Óytkeni, ónersiz insan hesh waqıt jasay almaydı. Adam balası óneri, talantı menen, jaqsı isleri menen ómirde iz qaldıradı. Insannıń jasawdan maqseti de sol.

Óner úyrenip, belgili bir kásiptiń basın uslaw, perzentlerin ónerli, bilimli, mádeniyatlı etip tárbiyalawdan ibarat. Mádeniyat bar jerde, ónerpazlar da boladı. Óneri arqalı biziń zamanlaslarımız elimiz dańqın kóklerge kótermekte. Ádebiyat áleminde Ózbekstan Qaharmanları bolǵan, shayır, poeziya juldızı I.Yusupov hám prozamız bayteregi, ullı jazıwshı T.Qayıpbergenovlar jarıqqa shıqqan bolsa, mádeniyat hám kórkem óner salasında Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri, ullı kompozitor N.Muxammeddinov, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti N.Ańsatbaev, belgili xoshhawaz iyeleri T.Doshumova, B.Matchanov, G.Sırımbetova, M.Xojaniyazov, baletmeyster P.Madreymov, Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist D.Ranov, xudojnik Q.Saypov, skulptor J.Quttımuratov hám basqalar qatarında top jarıp shıqqan jáne bir talantlı aktyor hám rejissyor Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq artisti Quwatbay Abdireymov boldı.

Onıń professional dárejedegi kórkem obrazları hám dóretken spektaklleri búgin jas áwladlar ushın úlgi mektebi hám taptırmas biybaha ruwhıy baylıq bolıp qaldı.

**USILLAR.** Usı ilimiy maqalanı jazıwda ilimiy-publicistikalıq, tarıyxıy-zamanagóy, kontekstual va kompleks tárepten jandasıldı. Izertlewde kino hám teatr óneriniń rawajlanıwı, ásirese, kino sanaatınıń jáhán hám milliy dárejede rawajlanıwı úyrenildi. Ilimiy maqalada ilimiy-teproualıq usıllar keń qollanıldı.

**NÁTIYJELER.** Jazıwshı-shayırlar óz qálemi menen dúnyanı jawlap alsa, al kórkem óner iyeleri óz talantı, rolleri menen insan qálbin gózzallıqqa, estetikalıq zawıqqa toltırıp, olarǵa jasawdıń, tábiyat ónimlerinen ilham yosh alıp ómirge ózgeshe kóz-qaras penen qarawǵa shaqıratuǵın motivaciya iyesi bolıp xızmet etedi. Tariyxta usınday talant ieleriniń basıp ótken ómir jolı tuwralı bir qansha monografiyalar, ocherkler publicistikalıq shıǵarmalar dóretildi.

Qaraqalpaq kino kórkem óneriniń kárwan jolında sárwan wazıypasın atqarǵan, óziniń aktyorlıq sheberligin bir qatar ekran shıǵarmalarında sáwlelendirgen Quwatbay Abdireymovtı shın mánisinde ullı ustaz dep atasaq boladı. Ol jasap miynet etken dáwirde bir qatar mádeniyat úlgileri jarıqqa shıqtı, bir qatar jaslardıń qırları ashılıp, sániyat maydanına qádem bastı. Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, kinoaktyor hám rejissyor Q.Abdireymov 1937-jılı 24-may sánesinde Moynaq qalasında tuwılǵan. Ákesi ishki isler organı xızmetkeri, al anası bolsa úy biykesi bolǵan. Ákesi óziniń jumısları menen bánt bolǵanı sebepli shańaraqta bala tárbiyası menen tiykarınan anası shuǵıllanadı. 1942-jıl eń awır urıs jıllarına tuwra kelgeni ushın Abdireyim aǵanıń shańaraǵı Moynaqtan Taxtakópir rayonına kóshedi. Q.Abdireymov mektep payıtlarında, yaǵnıy 6-9 klaslarında-aq túrli oyın, drama hám súwretshilik dógereklerine qatnap baslaydı. Ol qaraqalpaq hám rus ádebiyatına qızıǵatuǵın edi. Q.Abdireymovqa Alla tárepinen sonday dárejede talant, uqıp, aktyorlıq sheberlik, dinamika, tipaj, plastika ulıwma aktyor menen rejissyor ushın talap etiletuǵın barlıq qábilet berilgen edi. Bul onıń kórkem óner maydanında bir jaqtı nur bolıp sáwleleniwine jol ashtı. «Kúshli aktyordan-jaqsı rejissyor shıǵadı» degendey, dáslep kino hám teatrlarda ráń-báreń rolleri menen tamashagóyler qálbinen tereń orın alǵan Q.Abdireymov sońın ala rejissyor sıpatında da bir qatar spektakllerge avtorlıq qıldı. Q.Abdireymov teatr saxnasında 1962-jılı A.Begimov hám T.Allanazarovlardıń «Ǵárip ashıq» spektaklinde Shaxwalid, 1963-jılı J.Aymurzaevtıń «Aygul-Abat» muzıkalıq dramasında Serman, V.Shekspirdiń «Otello» tragediyasında Otello rollerin kámine keltirip atqarǵan bolsa, kino ekran saxnasında E.Sherstobitov hám D.Salimovlardıń «Bes doslar» atlı filminde Ǵafur, K.Yashen hám S.Muxamedovtıń «Hamza» kinosında Alijan, L.Varshavskiy hám Sh.Aymanovtıń «Aldar kóse» atlı filminde Taken, Saakov hám A.Fayziev, R.Mehranıń «Ali baba hám qırıq qaraqshı» filminde Ali babanıń dostısı rolin, Georgiadidiń «Áke wásiyatı» atlı filminde Ergash, A.Ashimov hám Coy Guk Inniń «Shoxan Walixanov» kinosında Musabay hám basqa da rollerdi sheberlik penen atqarıp shıqtı.

Q.Ábdireymov – keń diapazon hám talǵamǵa iye rejissyor. Onıń dóretiwshiligi oǵada bay. Yaǵnıy, tragediya, komediya, drama hám tragikomediya, tariyxıy-revolyuciyalıq hám psixologiyalıq dramalardı kámine keltirip saxnalastıra aldı. Sonıń menen birge, xarakter, konflikt, syujet kulminaciyası, kompoziciya, dinamika, plastika sıyaqlı kórkem ónerge tán qábiletler, terminler Q.Ábdireymovtıń tvorchestvosında ayqın kózge taslanadı. [2. «Saxna juldızı» N.Muxammeddinov, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 2022-jıl 19-may, № 56-57, 4-bet]. Onıń G.Gorinniń «Atı óshsin» atlı tragikomediyasında Áyyemgi Greciyanıń qalası Efeste biziń eramızǵa shekemgi IV ásir waqıyaları sáwlelenedi. Spektaklde baslı rollerdi J.Sultabaev (Gerostrat), D.Ranov (Kleon), R.Saparova (Klementina), Sh.Ótemuratov (Tissafern)lar atqarıp shıqqan. Xudojnigi Islam Alibekov. Sonıń menen birge, Q.Ábdireymov «Qaraqalpaq Otellosı» dep atalıp ketti. [2.«Qaraqalpaq Otellosı», Q.Matmuratov, «Saniyat» jurnalı 2007-jıl 3-4-sanları] 1968-jıldan baslap M.Toybaevtıń «Moskvalı kelin», V.Shekspirdiń «Otello» (1970-jılı), A.Qahhardıń «Ayajonlarim», S.Xojaniyazovtıń «Maman biy (1971), T.Seytjanovtıń «Abu Rayxan Beruniy» (1973), O.Ioselianidiń «Arbań awdarılmasın» (1974), T.Qayıpbergenovtıń «Jumagul» (1974), K.YAshen hám R.Tóreniyazovtıń «Jol kórsetiwshi juldız» (1975), P.Tlegenov hám A.Ismailovtıń «Analar» (1975), K.Raxmanovtıń «Kelin» (1976), J.Aymurzaevtıń «Berdaq» (1977), I.Sultanníń «Ańlamay bastım tikendi» (1978), G.Gorinniń «Atı óshsin» (1980), T.Minnulinniń «Azireylini aldaǵan adam» (1981), I.Yusupovtıń «Mángi bulaq» (1985), T.Axtanovtıń «Áke hám bala» (1986), K.Raxmanovtıń «Raxmet, kelin» (1987) sıyaqlı bir qatar qunlı dóretpelerdi teatr saxnasına alıp shıqtı, óz rejissyorlıq fantaziyası menen bayıtıp saxnalastırdı. Sonday-aq, Q.Abdireymov awdarmashı sıpatında da bir qatar spektakllerdi qaraqalpaq tiline awdarma isledi. Bul tárepten onı tek kórkem óner emes, ádebiyat salası menen tıǵız baylanıslı dóretiwshi insan ekenligin maqtanısh etsek arzıydı.

Q.Ábdireymov dáslep rus tili qánigeligi boyınsha institutqa oqıwǵa túsedi, biraq onıń

talantı Tashkent qalasında ótkeriletuǵın dekadaǵa qatnasıwshılardı tańlaw paytında kózge túsedi. Sońın ala Tashkent teatr hám súwretlew institutına oqıwǵa kirip, student gezlerinde-aq kinofilmlerge túse baslaydı. Ol miynet jolı dawamında 1966-1971-jılları Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı direktorı, 1971-1973-jılları Moskva qalasında Oraylıq teatrında rejissyorlıq stajirovkada, 1973-1975-jılları teatr direktorı, 1975-1979-jılları teatrdıń bas rejissyorı, 1981-1983-jılları teatr direktorı, 1983-2003-jılları saxnalastırıwshı rejissyor hám 2003-2005-jılları bas rejissyor lawazımlarında isledi. Ol qaraqalpaq kórkem ónerinde dramaturgiyalıq shıǵarmalardıń jáne de bayıwına, rejissura salasınıń órkenlewine hám kino saniyatınıń rawajlanıwına salmaqlı úlesin qostı. Q.Ábdireymov saxnamızdıń birinshi professional rejissyorı T.Allanazarovtan sońǵı tájiriybeli ustaz, dóretiwshi boldı, -deydi Qaraqalpaqstan xalıq artisti Z.Saipova. – Instituttı pitkerip kelgenimnen soń ol maǵan Ózbekstan hám Qaraqalpakstan xalıq artisti S.Awezova atqarǵan «Ernazar Alakóz»degi – Qumar ana rolin tapsırdı. Óz rolim ústinde islew barısında men bul dóretiwshiniń ózine tán ózgesheligine gúwa boldım. Onıń aktyorlarǵa erkinlik beriwi, kerek jerinde xızmetkerlerdi psixologiyalıq jaqtan rolge baǵdarlawı shıǵarmanıń sátli shıǵıwın támiyinlep, roldegi bir-birine qarama-qarsı partnyorlardı saxna artında shını menen de bir-birine qarama qarsı qoyıp, háreketlerdiń tábiyǵıy shıǵıwına umtılatuǵın edi. Ol óz ómirinde de joqarı adamgershilikli pazıyletlerge iye boldı. Kinorejissyor B.Baymurzaevtıń aytqanınday M.Nızanovtıń «Tanka» komediyasında ápiwayı puqaralardıń mútájligin pitkeretuǵın kishipeyil dóretiwshi bolıp oynaǵan ol haqıyqıy ómirde de «Tanka» bolıp ótti. [3. «Qaraqalpaq saxnasınıń juldızı» Erkin Qaraqalpaqstan, 23.09.2017 j, №119(20049). Q.Ábdireymov dóretiwshiligi teatr hám kino menen tıǵız baylanıslı. Ol «Uzbekfilm», «Qazaqfilm», «Qaraqalpaqfilm» studiyalarında túsirilgen 20 dan aslam kinofilmlerde obrazlar jarattı. «Hamza»da –Alidjan, «Kók jiekke sozılǵan izler»de –Tanabay, «Eski zamannıń urpaqları»nda –Quwat Saidovich, «Aldar kóse»de-Taken, «Artımızda Moskva»da-Raximov, «Jaz ortasındaǵı qar»da-Bek Qaramsaqov, «Komsomollar barmaqta»da –Murtabek, «Qutırǵan aq quw»da-Quwat, «Ańızǵa aylanǵan qız»da-Walixan, «Qaysar qız»da-Zaripbay, «Tanka»da-Bahadır aǵa hám basqa da filmlerde ózin kórsetip, kino áleminiń qaharmanına aylandı. [4.G.Raxmanova, «Teatrǵa baǵıshlanǵan ómir», «Saniyat» jurnalı, 2016-jıl «3-4 sanı]

Q.Ábdireymovtıń usı sıyaqlı miynetleri xalqımız tárepinen joqarı bahaǵa ılayıq dep tabıldı. Oǵan 1969-jılı Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken artist, 1974-jılı Ózbekstan Respublikası xalıq artisti, 1991-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq artisti húrmetli ataqları berildi. Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı boldı. Al, 1999-jılda bolsa «El-jurt húrmeti» ordeni hám bir neshe mártebe Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları Húrmet jarlıqları menen sıylıqlandı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoyevtıń 2017-jıl 3-avgust kúngi dóretiwshi-ziyalılar menen videoselektor bayanatı.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 7-aprel PF-6202-sanlı «Kino kórkem óneri hám sanaatın jańa basqıshqa alıp shıǵıw, tarawdı mámleket tárepinen qollap-quwatlaw sistemasın jánede jetilistiriw haqqında»ǵı Pármanı.
3. «Saxna juldızı» N.Muxammeddinov, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası, 2022-jıl 19-may, № 56-57.
4. Matmuratov Q. «Qaraqalpaq Otellosı», «Saniyat» jurnalı 2007-jıl 3-4-sanları.
5. Abdireymova K. «Kuatbay i kino» Izdatelstvo «Bilim», 2011.
6. Aliev M. «Kino tiykarları» T-2023.
7. Raxmanova G. «Teatrǵa baǵıshlanǵan ómir», «Saniyat» jurnalı, 2016-jıl «3-4 sanı.
8. Jaqsımuratova A. «Kino hám teatr óneriniń jarıq juldızı», «Ámiwdárya» jurnalı, 2024, №3.
9. Darushova, D.K. "Yaxshi dramaturgiya va rejissyor yechimining uyg‘unligi." Inter education & global study 3 (2025): 628-635.
10. Darushova Darixa Kadirniyazovna. "Dolzarbligini yo‘qotmagan asarning qoraqalpoq sahnasidagi talqini." tanqidiy nazar, tahliliy tafakkur va innovatsion g‘oyalar 1.1 (2025): 355-358.